Parantalite Pozitif

ZERO TO THREE
Early connections last a lifetime

Parantalite pozitif dekri yon seri konpòtman parantal ki favorize kapasite yon timoun pou li **renmen, fè konfyans, eksplore ak aprann.** Objektif parantalite pozitif la se ede paran yo gide bon devlopman pitit yo a nan kontèks kilti familyal la.

Eleman kle parantalite pozitif la gen ladan kapasite pou:

Konprann oswa devine **pwendvi timoun nan**, espesyalman nan moman ki difisil yo.

Reyaji avèk enterè epi **sansiblite** fas ak sinyal timoun nan.

Rekonèt ke **li estresan lè w se paran** epi erè se yon pati ki nòmal nan edikasyon timoun.

Rekonèt epi **selebre** pwen fò, aptitid ak kapasite timoun nan genyen pou l aprann ak grandi.

Bay **direktiv ak limit ki koyeran**, ki apwopriye ak laj li pou konpòtman timoun nan.

Travay pou gen yon **ekilib** pou satisfè bezwen paran yo ak bezwen timoun nan.

Pwofite **moman koneksyon** yo avèk timoun nan.

Rekonèt epi **kontwole pwòp santiman** ak konpòtman pa w anvan ou reponn timoun nan.

Chèche èd, sipò oswa enfòmasyon adisyonèl sou edikasyon timoun **lè sa nesesè.**

Dokiman sa a te devlope gras ak ZERO TO THREE | **zerotothree.org**

Copyright © 2018 ZERO TO THREE. Property of the HealthySteps National Office. Adaptations, reproductions, revisions, excerpts, derivatives including but not limited to translations,and other exploitation of the materials are expressly forbidden without the prior written authorization of ZERO TO THREE. HS_1-PP_HAT_Positive Parenting Infographic